

**Enfòmasyon sou Opsyon Transfè Elèv  
Enskripsyon Dapre Chwa Paran yo  
Keksyon Moun Plis ap Poze**

1.

**Keksyon.** Ki sa Enskripsyon Dapre Chwa paran yo (COE) ye?

**Repons.** COE mete plis opòtinite pou elèv yo ale nan yon lòt lekòl ki gen plas disponib ki pa menm ak lekòl kote yo ye a. Atravè Plan COE Distri a, yo bay paran yo pi plis chans pou yo chazi.

2.

**K.** Ki lè y'ap koumanse aplike COE a?

**R.** Lekòl COE yo ap disponib nan koumansman ane lekòl 2017-2018 la.

3.

**K.** Kouman distri a ap defini kapasite e kouman l'ap deside ki lekòl ki disponib pou COE?

**R.** Yo idantifye kapasite lekòl COE yo dapre enskripsyon yo si lekòl la pi piti pase 90% kapasite FISH la (Envantè Lokal Lekòl nan Florid). Lekòl ki idantifye kòm lekòl k'ap fonksone ak mwens pase 90% kapasite yo kalifye pou elèv jwenn transfè/plas COE ladan yo pou ane lekòl 2017-2018.

4.

**K.** Kouman demach pou moun aplike nan COE a dewoule?

**R.** Aplikasyon yo disponib kounye a nan sit entènèt Distri Lekòl la. Moun ki rete e moun ki pa gen demè yo nan Kanton Polk la kapab pran aplikasyon yo sèlman nan peryòd enskripsyon an, jan sa endike nan sit entènèt la. Gen kopi ki disponib nan chak lekòl pou moun ki pa gen aksè nan yon òdinatè.

5.

**K.** Kouman tiray osò a pral dewoule?

**R.** Paran yo kapab fè yon premye (1e) ak yon dezyèm (2è) chwa lekòl yo mande pou pitit yo transfere/jwenn plas. Y'ap trete tout aplikasyon yo selon yon chif y'ap bay owaza. Sou labanyè lwa nan Florid, yo dwe mete aplikasyon yo pa gwoup: Faz 1, Faz 2, Faz 3 e Faz 4. Y'ap fè tiray osò separe pou aplikan ki nan Faz 1 jiska Faz 4 yo. Y'ap chwazi chif yo owaza, kidonk sou chans, e y'ap ranje aplikasyon nan chak Faz nan lòd yo chwazi yo a. Ap gen de (2) tiray osò separeman, k'ap gen ladan yo non elèv k'ap viv (ki demere) nan Kanton Polk la e non elèv ki pa demere nan Kanton an, e y'ap nimewote yo separeman. Aplikasyon elèv ki pa demere nan Kanton Polk la ap sèlman konsidere si toujou gen plas ki rete apre yo fin fè tiray osò pou elèv ki demere nan Kanton Polk la.

6.

**K.** Si yo chwazi pitit mwen an nan yon tiray osò pou l ale nan yon lekòl COE, ki sa mwen dwe fè?

**R.** Lè yo avèti paran an yo fè chwa pitit li a, li gen pou l itilize lèt apwobasyon enskripsyon yo ba li a pou l ale enskri pitit li nan lekòl yo ba li a.

7.

**K.** Èske frè ak sè elèv la ap gen priyorite pou lekòl COE?

**R.** Yo dwe note nan yon lis pou frè ak sè non aplikan yo verifye ki gen frè ak sè yo, e lòt frè ak sè yo verifye elèv la genyon yo ap gen proyorite. Y'ap fè tout jefò pou mete frè ak sè yo nan menm lekòl. Paran yo dwe ranpli yon aplikasyon pou chak elèv yo genyen. Yo defini frè ak sè kòm timoun ki se fè, sè, demi frè, demi sè, k'ap viv nan menm kay. Y'ap mande verifikasyon pou timoun sa yo.

8.

**K.** Èske y'ap bay yon aplikasyon moun ki rete nan Kanton Polk la soumèt nan dat 3 avril priyorite sou yon aplikasyon moun ki pa rezidan nan Kanton Polk la soumèt pi ta nan mwa avril la, kidonk nan dat 1e me oswa pi ta nan mwa me a?

**R.** Yo bay menm konsiderasyon ak aplikasyon ki soumèt pandan peryòd enskripsyon nan COE a, san yo pa okipe si aplikasyon an te soumèt nan premye jou peryòd enskripsyon an oswa nan dènye jou peryòd sa a.

9.

**K.** Si yo pa chwazi pitit mwen an nan COE, èske ap gen yon lis datant?

**R.** Wi. Si gen plas ki disponib ankò, y'ap avèti pwochen nimewo elèv ki gen nan tiray osò a e y'ap ba li yon plas. Aktivite sa a ap kontinye sèlman jiska 8è jou dekont lan. Apre sa lis la ap detwi.

10.

**K.** Si yo pa chwazi pitit mwen an nan COE, èske ap gen demach pou mwen fè apèl?

**R.** Non, COE chita sèlman sou kantite plas ki genyen (kapasite) ak sou demach tiray osò.

11.

**K.** Èske m ka aplike dapre “transfè pou difikilte” si pitit mwen pa jwenn plas nan COE?

**R.** Pa jwenn plas lekòl COE nan tiray osò se pa yon rezon ki fè konprann ou gen difikilte.

12.

**K.** Si pitit mwen gen yon IEP, yon Plan 504, èske l elijib pou l aplike pou plas lekòl COE?

**R.** Wi. Si yo sksepte l, yon ekip IEP ap reyini pou decide si bezwen elèv la ap satisfè kòrèkteman, epi si li ka jwenn sèvis yo bay nan IEP yo nan lekòl ki chwazi pou li a. Sinon, yo pap fè enskripsyon elèv la nan lekòl sa a.

13.

**K.** Yo sispann pitit mwen kounye a pou l rete andeyò aktivite lekòl oswa yo rekòmande pou yo mete l deyò nan lekòl li a. Èske mwen ka mande yon transfè/plas atravè COE?

**R.** Non. Yo pap apwouve demann transfè/plas pou elèv la atravè COE.

14.

**K.** Èske sa a se dènye chans mwen genyen pou mwen aplike pou ane lekòl 2017-2018 la?

**R.** Kapab gen opòtinite pou dezyèm semès la. Y'ap mete lis lekòl COE a ajou; e selon kapasite yo, y'ap resevwa aplikasyon COE yo nan mitan mwa novanm ane 2017-2018 la.

15.

**K.** Èske pitit mwen an ap gen pou l aplike chak ane pou lekòl COE?

**R.** Non, yon elèv ki jwenn transfè/plas anba banyè COE ap rete nan lekòl COE a jiskaske li fini denyè klas l'ap fè nan lekòl sa a. Men, yon fwa elèv la fini denyè klas sa a nan lekòl COE a, li kapab chwazi pou l retounen nan lekòl li te ye anvan nan zòn li an, oswa li ka resevwa yon lòt chwa pou tiray osò pou l ale nan yon lòt lekòl COE. Moun ki pa rezidan nan Kanton Polk la dwe retounen nan distri lekòl pa yo si yo pa apwouve yon lòt chwa yo fè nan tiray osò a.

16.

**K.** Èske Distri Lekòl Kanton Polk la mete transpò pou elèv ale nan lekòl COE?

**R.** Distri a pa bay sèvis transpò. Se paran/responsab elèv la ki pou asire transpò pitit yo.

17.

**K.** Èske yo ka anile/revoke transfè/plas COE pitit mwen an?

**R.** Wi. Yo ka anile yon transfè/plas COE si:

- Yo jwenn enfòmasyon ki fo, pwoblèm prezans, reta, vin chache elèv la anreta oswa si elèv la gen pwoblèm disiplin nan lekòl COE ki resevwa li a.

18.

**K.** Èske gen opsyon transfè/plas COE ki disponib pou pitit mwen ki nan klas preskolè?

**R.** Non. Pwogram Preskolè yo pa obligatwa. Konsa, opsyon COE pa disponib.